

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan udaganana pikeun nganalisis struktur pupuh, struktur puisi, jeung ajén étnopédagogi dina rumpaka *Tembang Atikan* karya Dian Héndrayana. Data panalungtikan nyaéta sakabéh rumpaka *Tembang Atikan* anu jumlahna aya 11. Pikeun ngaguar struktur jeung ajén-inajén nu nyangkaruk di jerona, dina ieu panalungtikan ngagunakeun sababaraha tiori nyaéta 1) tiori Satjadibrata pikeun maluruh struktur pupuh nu ngawengku guru lagu, guru wilangan, jeung guru gatra, 2) Tiori Alton C. Morris jeung I.A Richard pikeun maluruh struktur puisi nu ngawengku diksi, imaji, kecap kongkrit, wirahma, gaya basa, téma, rasa, nada, jeung amanat, jeung 3) tiori ajén étnopédagogi nurutkeun konsép Hidayat Suryalaga nu ngawengku catur jatidiri insan, gapura panca waluya, jeung paripolah nyunda trisilas. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskripsi kalayan pamarekan kualitatif. Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka.

Dumasar kana hasil analisis kapaluruh yén wangun rumpaka dina *Tembang Atikan* nyaéta sandingan. Hartina sakabéh rumpakana bisa nyanding dina lagu séjén kalayan niténan komposisi laguna. Sedengkeun struktur pupuh dina rumpaka *Tembang Atikan* aya sababaraha rumpaka anu teu luyu jeung aturan pupuh samistina, éta hal dilantarankeun pikeun kabutuhan lagu sangkan ngalagena nalika dihaleuangkeunana. Salian ti éta ogé aya hiji tembang anu aturan pupuhna ngagunakeun aturan asli ti Jawa, nyaéta tembang *Pucung*.

Struktur puisi nu kapaluruh dina rumpaka *Tembang Atikan* kawilang réa jeung rupa-rupa. Struktur puisi anu kapaluruh nyaéta 1) diksi nu kapaluruh aya 24 kalimah; 2) imaji nu kapaluruh ayana keca-kecap nu réréana dina imaji visual, imaji kinestetik, imaji taktil, jeung imaji auditif; 3) kecap kongkrit nu kapaluruh aya 21 kecap; 4) gaya basa nu kapaluruh aya 4 gaya basa, nyaéta gaya basa mijalma, gaya basa kadalon, gaya basa ngupamakeun, jeung gaya basa rarahulan; 5) purwakanti nu kapaluruh aya purwakanti pangluyu, purwakanti maduswara, purwakanti cakraswara, purwakanti laras purwa, purwakanti laras wekas, jeung purwakanti

minduan wekas; 6) téma nu kapaluruh aya nu ngeunaan kaéndahan alam, réalita kahirupan, filsafat Sunda, katresna, jeung kaagamaan; 7) rasa nu kapaluruh aya waas, sedih, sumanget, hanjakal, sono, panasaran, bingung, nalangsa, jeung kanyaah; 8) nada nu kapaluruh aya lugas, mapatahan, jeung nyindir; 9) amanat nu kapanggih réréana ngeunaan peupeujeuh jeung pépéling sangkan ngalakukeun kahadéan.

Ajén étnopédagogi nu kapaluruh dina rumpaka *Tembang Atikan* jumlahna aya 3, nyaéta 1) catur jatidiri insan, 2) gapura panca waluya, jeung 3) paripolah nyunda trisilas. Tina sawatara ajén étnopédagogi tangtuna silih patali. Minangka nu jadi dadasarna nyaéta catur jatidiri insan anu ngawengku pengkuh agamana, luhung élmuna, jembar budayana, jeung rancagé gawéna. Éta ajén téh bakal kahontal saupamana dituturkeun ku karakter anu aya dina gapura panca waluya kayaning cageur, bageur, bener, pinter, jeung singer. Tina ajén jeung karakter anu geus nyampak bakal masagi upamana ngalakukeun prosés atikan trisilas, nyaéta silih asah, silih asih, jeung silih asuh.

Jadi sabada dipaluruh jeung dianalisis, bisa dicindekkeun yén ieu panalungtikan téh miboga struktur pupuh nu teu sakabéhna saluyu kana aturan, tapina teu ngaleungitkeun ajén-inajén nu nyangkaruk di jerona. Satuluyna dina perkara struktur puisi, katitén strukturna variatif jeung silih patali antar unsurna. Nu pamungkas perkara étnopédagogi Dian Héndrayana dina nyanggi rumpaka tembangna éstu pohara nalingakeun pisan ajén atikanana jadi teu saukur nyanggi tamba kesel wungkul.

## 5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan anu geus dilakukeun. Ieu panalungtikan téh miboga implikasi dina sababaraha widang paélmuan, nyaéta widang kasusastraan jeung widang atikan. Satuluyna, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh pamaca dina maham struktur pupuh, struktur puisi, jeung ajén étnopédagogi. Onjoyna, dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi salasihiji sumber diajar, hususna dina widang puisi Sunda.

### 5.3 Rékoméndasi

Dumasar hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi ti panalungtik pikeun sababara pihak saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun panalungtik, dipiharep satuluyna bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan minangka hiji tatapakan nu leuwih jembar sangkan kasusastraan Sunda leuwih dipikawanoh ku masarakat.
- 2) Pikeun masarakat akademis, dipiharep dina waktu kahareupna bisa nalungtik ieu karya dina medar ajén éstétika, ajén sémiotik, jeung babandingan ieu tembang jeung tembang séjén ditilik tina ajén atikanana.
- 3) Pikeun masarakat, dipiharep panalungtikan ngeunaan Rumpaka *Tembang Atikan* karya Dian Héndrayana (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogi) bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan kasusastraan jeung kasenian Sunda. Hususna dina sastra puisi jeung tembang.